

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra minangka bagian dina seni anu raket patalina jeung kahirupan. Aya sababaraha sawangan ngeunaan sastra salaku *mimesis* kahirupan, salasihijina nurutkeun plato, manèhna nyawang yèn karya seni tèh *mimesis* dina kahirupan. Kitu ogè ceuk Aristotèlès (Koswara, 2013 kc. 4) anu nyawang yèn sastra tèh minangka kagiatan utama manusa pikeun nèangan jati dirina di sagigireun ngaliwatan kagiatan sèjèna saperti agama, èlmu pangaweruh, jeung filsafat. Sastra ogè minangka èksprèsì husus anu bisa mèrè sawangan ngeunaan pasualan jelema, sosial, jeung intèlèktual (Luxemburg dina Koswara, 2013 kc. 4).

Sastra tèh ari dibasakeun mah nyaéta hiji tulisan, tapi lain hartina saukur tulisan anu teu miboga tujuan, fungsi, struktur jeung sajabana. Sastra salaku tulisan tèh nyaéta tulisan anu miboga eusi dijeron, sastra tèh tulisan imajinatif dina harti fiksi, tulisan anu henteu ngandung bebeneran sacara harfiah (Eagelton dina Koswara, 2013 kc. 4).

Karya sastra ogè kabagi kana sababaraha bagian, nyaéta prosa, puisi jeung drama. Prosa tèh karya sastra anu bentukna caritaan, ditepikeun ngagunakeun narasi, nu nulis prosa ngahijikeun wangun monolog jeung dialog kana hiji tulisan. Ari puisi nyaéta karya sastra anu gaya basana ditangtukeun ku irama, rima jeung sajabana. Nurutkeun Kosasih (2008, kc. 5) puisi tèh nyaéta karya sastra anu ditepikeun ngagunakeun basa anu singket, padet, jeung èndah, puisi umumna ditulis dina bentuk monolog. Bèda jeung puisi atawa prosa, drama mah karangan sastra nu dituliskeun dina wangun dialog, saterusna diilakonkeun ku aktor dina drama tèater (Isnèndès 2010, kc. 75).

Drama tèh mekar di Yunani, asal tina kecap *draomai* anu hartina paripolah atawa tingkah hirup. Dina pintonan drama aya sababaraha kajadian anu ngalantarankeun drama ieu aya, salasihijina naskah drama, naskah drama ditulis pikeun nu maèn drama sangkan apal kana jalan carita jeung tokoh anu dipaènkeunana, sangkan teu kaluar dina carita anu geus dijieunna. Dina naskah

drama, saenyana mah sarua jeung carpon atawa novèl, ngan pèdah dina naskah drama mah dijieun ku bentuk dialog, tapi struktur sastrana mah anger sarua, miboga tèma, alur, tokoh, judul, jsb.

Pikeun ngaguar struktur caritaan anu aya dina naskah drama tangtu dibutuhkeun pèsò analisis nyaéta struktural. Struktural tèh tiori sastra anu pamarekanana neueul kana unsur anu ngawangun hiji karya sastra, fungsi, jeung ngaanalisis karya sastra. Analisis struktur dilakukeun pikeun ngaidèntifikasi, ngulik, ngadèskripsikeun fungsi jeung patalina unsur naon waè anu aya dina èta hiji karya. Nurutkeun Isnèndès (2018, kc. 74) struktural tèh nyaéta pamarekan kana karya sastra nu miboga sipat otonom. Hartina, kumaha maham kana hiji karya anu diwengku tina sistem pangwangun èta karya. Struktur dina karya sastra nyaéta unsur-unsur anu ngawangun èta karya, upamana panokohan atawa parwatekan, tèma, galur, puseur carita, latar, jeung gaya basa.

Nurutkeun Stanton, struktur karya sastra tèh kabagi jadi tilu unsur, nyaéta tèma, fakta carita (galur, tokoh, jeung latar) jeung sarana carita (puseur paniten, gaya basa, suasana, simbol, imaji, jeung judul). Pangarang ngahijikeun fakta jeung tèma ku bantuan sarana-sarana sastra saperti konflik, sudut pandang, simbolisme, ironi jsb, satuluyna bakal diguar ngeunaan sarana-sarana èta. Sacara singket, sarana sastra bisa ditilik siga mètode pikeun milih jeung dètai-dètai carita. Dètai-dètai èta engkèna bakal nyieun sababaraha pola anu mawa tèma carita (Stanton, 2012, kc. 9-10). Tapi dina drama aya stuktur tambahan, ku sabab kitu pikeun mongkar struktur teu cukup caritaan wungkul, tapi deui kudu mongkar struktuk dramatikna. Sakumaha anu ditètélakeun ku Isnèndès (2016, kc. 34-35) anu ngawangun stuktur dramatik tèh aya salapan unsur, nyaéta prolog, dialog, adegan, babak, episode, wawancang, *solilokui*, *aside*, jeung epilog.

Dina kaayaan sastra Sunda kiwari, lamun ngabandingkeun jeung sastra Indonèsia, naskah drama dina wangun basa Sunda tèh kawilang saeutik pisan, Farhan (2019, 124-130) ngajèntrekeun, kiwari teu loba pangarang anu nulis naskah drama Sunda, (kawantu) lahan pikeun ngamuat naskah dramana ogè kawatesan, jadinya hèsè pikeun nèangan nasakah drama.

Karya sastra kentel pisan ku kahirupan sosial masarakat, hiji karya sastra tèh dipangaruhan ku kaayaan sosial si pangarangna èta sorangan, kaasup naskah drama, naskah drama Sunda kawilang loba pisan kritik ngeunaan ajèn-inajèn, salsahijina nayèta ajèn moral. Nurutkeun Nurgiantoro (2004, kc. 320) yèn moral dina karya sastra tèh sarua jiga tèma, ditilik dina bentuk dikotomi eusi karya sastra minangka unsur eusi. Moral mangrupa salsahiji unsur nu hayang ditepikeun kupangarang ka pamaca, nyaéta minangka makna anu aya dina jero karya sastra, makna anu diselipkeun ngaliwatan jalan carita.

Salasahiji naskah drama basa Sunda anu rèa pisan ku ajèn moral dina eusina nyaéta naskah "Juag Toèd" Karya Yoseph Iskandar. Naskah ieu nyaritakeun demang jeung patinggi anu dibère tugas ku Demang pikeun nèangan ronggèng jang ngarayakeun milangkala anakna, tapi pamajikanna teu apaleun tugasna tèh nèangan ronggèng, dibèjaan ku juru tulis, antukna pamajikan Demang jeung Patinggi tèh nèangkeun salakina ku cara nyamunir tèa, gurat badagna dina ieu drama tèh nyaritakeun kasenian ronggèng anu ku sababaraha kalangan dianggap seni rucah, mintonkkeun *seksualitas*, tapi aya ogè anu teu mikir ka dinya. Ieu naskah drama tèh ngaguar *polemik-polemik* kasenian ronggèng tina ahwal kasenian jeung *seksualitas*. Naskah ieu mimiti dipagelarakeun taun 1983 ku grup tèater ASTI anu disutradaraan ku Bambang Arayana Sambas. Harita longsèrna diperankeun ku babaraha pamaèn sènior di dunya tèater, salasahijina nyaéta Tati Saleh, Aom Kusman, jeung Rahmat Hidayat.

Dina ieu panalungtikan, panulis milih naskah drama "Juag Toèd" lantaran loba pangaweruh anu bisa dicokot ngeunaan *moralitas* jeung teu rèa anu nalungtik naskah drama ieu. Ku kituna panalungtikan ieu bakal difokuskeun kana ajèn moral anu aya dina naskah drama, lantaran naskah "Juag Toèd" miboga ajèn moral anu hadè pikeun diguar. Dina panalungtikan ieu ogè, panulis lain saukur ngaguar ajèn moral wungkul, tapi ngaguar ogè ngeunaan eusi naskah dramana makè pèsò struktural.

Nepi ka kiwari, aya sababaraha panalungtikan dina wangun skripsi atawa jurnal ngeunaa ajèn moral, naskah drama, jeung sturktural, ieu aya sababaraha

panalungtikan anu kacatet di Departemen Pendidikan Bahasa Sunda, kahiji aya “Ajèn Moral dina Dongèng nu aya di Kacamatan Cibadak Kabupatèn Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” ku Siti Mutiara Fhadilathusy (2010), kadua “Ulikan Struktur jeung Ajèn Moral dina Kumpulan Carpon Dua Wanoja Karya Chye Retty Isnèndès pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” ku Agung Cahya Nugraha (2017), katilu “Ulikan Struktural jeung Ajèn Moral dina Novèl Anjar Lawan Raja Bangsat karya Achmad Rustandi pikeun Bahan Pangajaran Aprèsiasi Sastra di Kelas XI SMA” ku Erik Eriansyah (2017).

Terus kaopat aya “Struktur Carita jeung Ajen Moral dina Kumpulan Carpon Hayang Panggih jeung Nabi Hidir Karya Usep Romli H.M pikeun Bahan Pangajaran Maca Carpon di SMP Kelas VIII”, ku Oky Nurochman Gunawan (2018), “Novel *Nala* Karya Darpan Pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel Di SMP (Ulikan Struktural Jeung Ajen Moral)”, Widiastri (2018), kalimana aya “Ajèn Moral Dina Novel Si Bohim Jeung Tukang Sulap Karangan Samsodi Pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel Di SMP (Ulikan Struktural jeung Filsafat Moral)”, ku Haryanti (2020).

Sedengkeun saluareun Departement Pendidikan Basa Sunda, anu nalungtik dina wangun skripsi atawa jurnal ogè aya sababaraha, salasahijina aya “Analisis Struktur dan Nilai-Nilai Moral yang Terkandung dalam Cerpen Ten Made Todoke karya Yoshida Genjiro”, ku Susana Fitriani Lado, dkk (2016) Mahasiswa Jurusan Sastra Jepang Universitas Diponegoro, “Nilai Sosial daan Moralitas dalam Naskah Drama Janji Senja karya Taofan Nalisaputra”, ku Agung Nugroho (2018) Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Indonesia STKIP PGRI Lubuklinggau, “Nilai Moral karya Sastra Sebagai Alternatif Pendidikan Karakter (Novel Amuk Wisanggeni karya Suwito Sarjono)”, ku Muh. Zainul Arifin (2019) Mahasiswa Pendidikan Bahasa Indonesia STKIP PGRI Ponorogo, sarta “Nilai-Nilai Moral dalam Drama Gubernur karya Afrion”. ku Faishal Arief Dwi (2016) Mahasiswa Jurusan Bahasa Dan Sastra Indonesia, Universitas Negeri Medan.

Ajèn moral dina naskah drama “Juag Toèd” karya Yoseph Iskandar ieu can kungsi ditalungtik sacara stuktur carita, struktur drama, jeung ajèn moral. Ku

kituna, ieu panalungtikan miboga judul “Ajèn Moral Dina Naskah Drama “Juag Toèd” Karya Yoseph Iskandar (Ulikan Stuktural).

1.2 Rumusan Masalah

Sangkan teu lega teuing, ieu panalungtikan bakal diwatesan, ukur maluruh ajèn moral jeng struktur naskah drama Juag Toèd karya Yoseph Iskandar, struktur didieu dibagi kana dua struktur nyaéta struktur carita jeung struktur drama. Dumasar kana masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun kana babaraha poin ieu.

- 1) Kumaha struktur carita “Juag Toèd” karya Yoseph Iskandar?
- 2) Kumaha struktur naskah drama “Juag Toèd” karya Yoseph Iskandar?
- 3) Ajèn moral naon waè nu nyampak dina naskah drama “Juag Toèd” karya Yoseph Iskandar?

1.3 Tujuan Pamalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan ngaguar ajèn-ajèn moral anu nyampak dina naskah drama “Juag Toèd” karya Yoseph Iskandar, sarta ngarojong pangaweruh dina widang sastra.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadèskripsikeun:

- 1) struktur carita anu kapanggih dina naskah drama “Juag Toèd” karya Yoseph Iskandar;
- 2) struktural dramatikal anu kapanggih dina naskah drama “Juag Toèd” karya Yoseph Iskandar;
- 3) ajèn moral nu nyampak dina naskah drama longèr “Juag Toèd” karya Yoseph Iskandar.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tèoritis

Mangpaat tèoritis tina ieu panalungtikan nya èta pikeun kamekaran èlmu sastra, utamana dina widang sastra jeung nambahan pangaweruh dina ngajieun karya sastra anu disawang tina pamekaran stukturalisme dina naskah drama.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bias mètè mangpaat pikeun:

- 1) mètè gambaran ngeunaan ngulik karya sastra hususna naskah drama makè sawangan sturktural;
- 2) nambahan hasanah sastra Sunda sarta bisa dijadikeun bahan acuan kamekaran karya sastra Sunda;
- 3) bisa jadi bahan rèfèrènsi pikeun akademisi anu nalungtik sastra Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi ngawengku lima bab, ssakumaha dièbrèhkeun ieu di handap.

Bab I Bubuka. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mètode panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika penulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Dina ieu bab dipedar ngeunaan ajèn moral, struktural, drama, panalungtikan samèmèhna, jeung raraga mikir.

Bab III Mètodologi Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, mètode panalungtikan, tèhnik ngumpulkeun data, tèhnik ngolah data, jeung instrumèn panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar hasil tina panalungtikan, diantaranya ngabahas ngeunaan ajèn moral struktur carita jeung sturktur drama dina naskah “Juag Toèd” karya Yoseph Iskandar.

Bab V Kacindekan, Implikasi jeung Saran. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan, implikasi jeung saran ti panyusun

